

Tata Pangibadah Brayat
Minggu, 30 Agustus 2020
GKJ Rewulu

WANTUN DADOS PENDHEREKIPUN GUSTI YESUS

(Pasamuwan Jumeneng)

P2 : Pasamuwan ingkang kinasih, kanthi bingah lan kebaking pangajeng-ajeng sumangga kita sesarengan nyatunggilaken manah kita wonten ing pangibadah brayat punika, ngraos-ngraosaken katresnan lan pangandikanipun Gusti kanthi jejer : *“Wantun Dados Pendherekipun Gusti Yesus”*. Mugi Roh Suci nyagedaken kita tansah wantun dados pendherekipun Gusti Yesus anggenipun mujudaken tugas timbalanipun. Mila sumangga kita nyawisaken manah kita kanthi lumebet wonten ing wekdal ening. Wekdal ening kangge kita sedaya.

(wekdal ening sakwetawis)

Votum lan Salam

P1 : Sumangga pangibadah punika kita senger kanthi pengaken :
Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi punika tukung pitulungan kita. Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yesus Kristus wonten ing panjenengan (kula) sadaya. Amin.

Kidung Pambuka

KPJ 19:1-2 PAMUJI KONJUK GUSTI

1. Pamuji konjuk Gusti kang nitahken jagad raya,
wit siyang dalah ratri tansah luber sih rahmatnya.
Nadyan ta jagad sirna, sihnya langgeng slaminya.
2. Pamuji konjuk Gusti nggih Allah Kang Mahamirah,
pra umat kang ngabekti tinuwukken klayan berkah,
salir ingkang pinanggya dados margining begja.

Pangakening Dosa

P1 : Pangandikanipun Gusti Bab Katresnan saking Wulang Bebasan 3:3-4 ingkang mekaten :” *Katresnan lan kasetyan muga aja nganti ninggal*

kowe, iku kalungna ing gulumu, catheten ana ing papaning atimu; temah kowe bakal oleh sih lan dadi kajen ana ing ngarsane Gusti Allah lan ana ing ngarepe manungsa.”

Para sadherek kekasihipun Gusti, srana migatosaken pangandikanipun Gusti punika, cetha sanget anggen kita boten saged nindakaken katresnan kanthi sampurna, Punika nedahaken karingkihan kita minangka manungsa dosa. Pramila sumangga kita sowan Gusti ngakeni tuwin nelangsani dosa kita, kanthi pandonga pribadi. (P1 mungkasi kanthi pandonga)

Kidung Panelangsaning Dosa

KPJ 44:1-2 AKU WONG KANG DOSA

1. Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,
temahan den sucekna, srana rahe kang suci.

Refr :

Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.

Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

2. Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka
ing kang saged ngluwari kawula saking dosa.

Refr :

Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.

Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

Atur Pisungsung

- P2 : Sumangga kita sami ngaturaken pisungsung dhumateng Gusti, kita dhasari pangandikanipun Gusti ing kang sinerat wonten ing **Filipi 4:12-13** ing kang mekaten : *“Aku ngreti kacingkrangan iku apa lan iya ngreti kaluberan iku apa. Ing sadhengah bab lan ing sadhengah prakara ora ana kang winadi tumrap aku; ing bab kaluberan apa ing bab kekurangan. Sakehing prakara bisa daksangga ana ing Panjenengane kang paring kakuwatan marang aku.”*

Kempaling pisungsung, sinarengan repeking **KPJ 103:1-2 ALLAH YEKU PANGEN SATUHU**

KPJ 103:1-2 ALLAH YEKU PANGEN SATUHU

1. Allah yeku pangen satu, pangrehnya nentremken kalbu.

Kula tansah rinimatan srana sagunging kamirahan.

Refr :

Ing juranging pati tan wedi bilai,

wit Gusti pribadi kang nganthi.

Nadyan mengsah kathah, manah datan semplah,

wit berkahnya rumentah.

Mung kabegjan saha kadarman ngiring salaminig gesang,

sarta kula badhe manggen tansah ing daleme Sang Yehuwah.

2. Ayem manah lan nyawa kula ing ayoming sihé Gusti,

sarta tinuntun astanya ing kayektosan kang sejati.

Refr :

Ing juranging pati tan wedi bilai,

wit Gusti pribadi kang nganthi.

Nadyan mengsah kathah, manah datan semplah,

wit berkahnya rumentah.

Mung kabegjan saha kadarman ngiring salaminig gesang,

sarta kula badhe manggen tansah ing daleme Sang Yehuwah.

Pandonge Pisungsung lan Panampi Sabda (P2)

Peladosan Sabda

P1 : (Membacakan **Mateus 16: 21-28**)

“Ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang sami mirengaken
Pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken, HALELUYA!”

U : (*menyanyikan*) Haleluya 12x

Wedharing Sabda

WANTUN DADOS PENDHEREKIPUN GUSTI YESUS MATEUS 16:21-28

Pasamuwan ingkang kinasih,

Kita dados tiyang jawi temtu mangertosi tembung Bloko Suto. Punapa tegesipun? Tegesipun Bloko : mengatakan apa adanya utawi terus terang lan Suto : wani utawi wantun. Mila bloko suto tegesipun wantun berterus terang (apa adanya). Anonimipun Bloko Suto nggih punika goroh. Asringipun kita dados manungsa angel anggenipun bloko suto kalian tiyang sanes, napa malih menawi bab ingkang badhe kita aturaken punika bab ingkang ndadosaken kuciwa utawi saged ugi tiyang sanes punika mboten remen sandyan bab ingkang kita aturaken punika bab ingkang leres utawi dados salah setunggaling kebenaran. Kita langkung remen dados tiyang goroh utawi nutup-nutupi supados tiyang sanes punika bingah utawi remen kalian napa ingkang kita aturaken.

Ananging bab punika mboten dipuntindakaken dening Gusti Yesus dateng para sakabatipun. Sakderengipun kita sampun mireng pangandianipun Gusti wonten ing dinten minggu kala wingi kados pundi Simon Petrus punika ngekeni bilih Gusti Yesus punika Mesih, Putraning Allah ingkang gesang. Lan wonten waosan kita Gusti Yesus punika Bloko Suto dateng para sakabat temtunipun dateng Petrus ugi bilih samangke Gusti Yesus badhe ngadepi kasangsaran, seda lan wungu malih wonten ing dinten kaping 3 saksampunipun Gusti punika seda. Gusti Yesus mboten nutup-nutupi napa ingkang badhe kedadosan nalika para sakabat punika sampun ngakeni bilih Panjenenganipun ingkang dados Mesih punika badhe sangsara, seda lan wungu malih (ananging bab wungu punika ingkang mboten dipungatosaken dateng Petrus, ingkang dados fokusipun namung sangsara lan seda). Mireng bab punapa ingkang dipunngendikaken dening Gusti Yesus temtu mboten dadosaken renaning penggalhipun Petrus, punika pawartos ingkang mboten mbingahaken miturut Petrus. Awit Petrus gadahi pemanggih menawi Mesih ingkang ditut mburi mawon ngadhepi kasangsaran, temtu pendherekipun ugi ngadhepi kasangsaran. Mila Petrus narik lan matur dumateng Gusti Yesus : *“Gusti mug i Gusti Allah nebihaken bab punika! Sampun pisan-pisan Paduka ngantos kataman ingkang*

makaten punika” (Ayat 22). Menawi bab ingkang mboten sae punika mboten kadadosan, temtu para sakabat ugi mboten badhe ngadhepi bab ingkang mboten sae, punika pemanggihipun Petrus nalika matur dumateng Gusti Yesus. Ananging nalika mireng napa ingkang dipunaturaken dening Petrus, Gusti Yesus ngendika : “Heh, setan, sumingkira. Kowe iku dadi sandhunganKu, sabab kowe ora mikir apa kang kagalih dening Allah, nanging mung sing dipikir dening manungsa.”

Simon Petrus ingkang ngakeni bilih Gusti Yesus punika Mesih, ananging Petrus ugi ingkang nyelaki Gusti Yesus nalika Gusti Yesus mbabaraken bab tegesipun dados Sang Mesih. Mila saking punika Gusti Yesus kanthi tegas paring piwulang bab kados pundi dados pendherekipun Gusti. Nggih punika kedah : **nyingkur awake dhewe, manggul salib lan nderek Gusti. (ayat 24)**

1. Nyingkur awake dhewe (Menyangkal diri)

Mengesampingkan punapa ingkang dados kabetahanipun diri kita piyambak. Tegesipun rila berkorban. Gampil? Temtu susah. Ananging punika ingkang dados pangandianipun Gusti nalika kita dados pendherekipun Gusti. Kita kedah rila berkorban dateng tiyang sanes, mboten ngutamakaken napa ingkang dados kabetahan napa malih pepenginan kita piyambak, tegesipun mboten egosi. Cobi kita raosaken napa saestu kita sampun nyingkur awake dhewe nalika dados pendherekipun Gusti? Mbok menawi kita gadahi pemanggih, sampun. Contonipun, kita sampun peladosan, kita sampun andum berkah dateng tiyang sanes, kita aktif wonten ing pelayanan sosial, andum dana beasiswa lan biaya pengobatan. Temtu punika sae, lan kita bingah sanget menawi napa ingkang kita tindakaken punika dipuntampi kanthi bingah lan responipun sae. Ananging kados pundi menawi nalika kita sampun peladosan, andum berkah ananging kita mboten dipuntampi utawi responipun punika ugi mboten ngremenaken manah? Kita kuciwa? Gerah manah? Mbok menawi manah kita mboten puas lan kuciwa. Nah punika tanda bilih kita dereng saged nyingkur awake dhewe. Awit kita nderek peladosan, andum berkah dateng tiyang sanes demi kepuasan diri kita piyambak, mila menawi mboten diajeni raosipun gela lan mboten malih nindakaken peladosan napa malih andum berkah.

2. Manggul Salib (Memikul Salib)

Pangajeng-ajeng kita nalika nderek Gusti Yesus gesangipun punika dados gampang, tebih saking pacoben lan perkawis. Ananging kasunyatanipun tetep mawon kita punika ngadhepi kathah pacoben lan perkawis. Menawi kita mboten wantu ngadhepi sedaya punika, asring kita punika gela lan nilaraken Gusti. Mila kedahipun kita siap lan wantu anggenipun manggul salib kita piyambak-piyambak nalika dados pendherekipun Gusti. Mbok menawi ngadepi tantangan nalika sesrawungan kalian tiyang sanes nalika dados minoritas, mbok menawi wonten tantangan bab jodho, wonten ing pakaryan, lsp. Kita kedah wantun ngadepi sedaya punika. Mboten malahan kita ajrih kalian salib-salib punika.

3. Nderek Gusti (Mengikut Dia)

Nderek Gusti punika tegesipun Setya! Sandyan mboten gampang ananging kita pitados bilih Gusti Yesus punika setya dateng gesang kita. Panjenenganipun tansah paring kekiatan anggenipun kita ngadhepi kathah tantangan lan perkawis, temtunipun paring kawilujengan. Ampun ngantos kita punika mboten setya nalika dados pendherekipun Gusti. Gusti mawon setya lho dateng kita, mosok kita malahan ingkang mboten setya dumateng Gusti Yesus. Nderek Gusti punika kedah wantun, wantun nyingkur awake dhewe, manggul salib lan setya.

Nyingkur awake dhewe, manggu salib lan nderek Gusti punika proses belajar seumur hidup. Mila kita kedah wantun anggenipun berproses anggenipun dados pendherekipun Gusti ingkang saged babaraken kabingahan. Ampun ajrih, monggo kita tansah wantun ngadhepi salib kita piyambak-piyambak. Gusti mberkahi. Amin.

Wekdal Ening

Pandonge Syafaat (P1)

- * Sedaya umat saged nglampahi sabdanipun Gusti
- * Sedaya umat kaparingan kasarasan jasmani lan rohani
- * Bangsa lan Negari
- * Tim Medis
- * Pasien Covid-19 lan brayat pasien Covid-19
- * Donga Rama Kawula

Pangaken Pitados (P2) (*jumeneng*)

Kidung Pangutusan

KPJ 429:1 DHAWUHE' GUSTI

1. Dhawuhe' Gusti Ye'sus mring pra sakabat,
"Padha lunga a wartakna Injil ing sajagad;
sake'h ing bangsa padha dade'kna murid-Ku."
Gusti mesthi bakal nunggil salakumu.
Refr :
Payo padha lunga ngabarke' Injil e' Gusti
mring manungsa ing salumah ing bumi,
dime'n pracaya lan nampani kaslametan;
tansah bungah muji Allah, wit dadi bala kaswargan

Berkat

- P1 :Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan (kula sedaya)
lan ngayomi panjenengan (kula sedaya).
Pangeran Yehuwah nyunaraken cahyaning wedananipn dhateng
panjenengan (kula sedaya) lan maringi sih rahmat.
Pangeran Yehuwah karsa nungkulaken cahyaning wedananipun
dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi tentrem rahayu. Amin

Kidung Panutup

KPJ 1429:3 DHAWUHE' GUSTI

2. Janjine' Gusti Ye'sus mring pra sakabat,
bakal paring Roh Suci Juru - Pirembag,
kang njalari kasekte'n kanggo leladi,
temah setya nekse'ni asmane' Gusti.
Refr :
Payo padha lunga ngabarke' Injil e' Gusti
mring manungsa ing salumah ing bumi,
dime'n pracaya lan nampani kaslametan;
tansah bungah muji Allah, wit dadi bala kaswargan

